МУ «Департамент образования Мэрии города Грозного»
Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
**«Математическая школа №1 им. Х.И. Ибрагимова» г. Грозного**
(МБОУ «МШ №1 им. Х.И. Ибрагимова» г. Грозного)

МУ «Соьлжа-Г1алин Мэрин дешаран Департамент»
Соьлжа-ГIалин Муниципальни бюджетни йукъардешаран учреждени
**«Х.И. Ибрагимовн цIарах Математически школа №1»**
(Соьлжа-ГIалин МБЙУ «Х.И. Ибрагимовн цIарах МШ №1»)

УТВЕРЖДЕН

приказом от 30.08.2024 г. № ______

# Фонд оценочных средств

**по учебному предмету ____родной язык________**

**основного общего образования**

**Класс(ы): ____5-9_____________**

г. Грозный 2024

**V-IX классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу некъ:**

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**

**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**
**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**
**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозуший йийца хаахь.

**«4» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозуший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

**«3» дуьллу:**
1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозуший йуьйцуш ца хилахь.

**«2» дуьллу:**
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозуший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.

Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гӀалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.

2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гӀалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гӀалат ца хилахь.

3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гӀалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гӀалат хилахь).

3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гӀалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гӀалаташ хилахь).

4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархӀаннал сов орфографически а, ворхӀаннал сов пунктуационни а) гӀалаташ ца хилахь.

5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гӀалаташ сов хилахь.

**Дсшархочун балха тӀехь гӀалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Іамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка**

**«5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

**1.** программехь йоцу йа Іамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гІалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Іамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);

2. тилкхаздаьлла гІалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Іуьйре* хила дезачохь *Іуьйле йаздинехь;*

3. нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь;

4. орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгІа-уьссалгІа, итт - итталгІа – уьтталгІа;*

5. къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар - нийса йаздар, гІодар - гІо дар,* и. дІ. кх.;

6. дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дІ. кх. а.

7. *Цlердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дІ. кх. а;*

8. дешархоша далийтинчу гІалаташна йукъара даккхий а, кегий а гІалаташ къасто деза.

**Даккхий гІалаташ лору:**

1 Хьалхенца Іамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гІалаташ.

2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хІаллакьхилла, меттахъхъайра.*

3. Дешхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.

4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху - охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*

5. Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*

6. Кху кепара цІердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.

7. Цlердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тІеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гІуллакх йа гІулкх, гІиллакх йа гІилкх.*

**Дешархочун балха тІехь цхьамогІа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гІалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга н <u>йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.</u>**

**Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а**

**(фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.**

**<u>Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех</u>:**

**«5»** дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;

**«4»** дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;

**«3»** дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;

**«2»** дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;

**«1»** дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

**Билгалдаккхар:**

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

**<u>V-IX классашкахь йечу талламан диктантийн мах хадор</u>**

**Диктант** – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш таллараан кеп йу.

Талламан дешнийн диктанто  зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:

5 класс-10-15 дош
6 класс-15-20 дош
7 класс- 20-25 дош
8 класс- 25-30 дош
9 класс- 30-35 дош.
10 класс – 35-40 дош
11 класс – 40-45 дош

Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:

V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни меттан лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсайаздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIайешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**

«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.

Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакххайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьрта йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.

Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан  дешнийн дукхаллехь маго йеза. Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

## II. Изложенийн мах хадор

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

**Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:**

1) билгалйина тема схьайелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненин а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

**Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:**

Vклассана – 90-130 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 200-250 дош
VIII классана – 250-300 дош
IX классана – 300-350 дош
X классана – 350-400 дош
XI классана – 400-410 дош

**Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.**

**Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:**

1. **«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

4. **«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

## III. Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 - 1,0 аг1о;

6 классехь-1,0 - 1,5 аг1о;

7 классехь-1,5 - 2 аг1о;

8 классехь-2 - 3 аг1о;

9 классехь-3 - 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;

2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна йукъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттан йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

# МХГ1Ф паспорт.

**5класс.**

| **№** | **Белхаш** | **Дакъа.** | **Универсальни кодификатор** |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх. №1 «Беркате аьхке» | Карладаккхар. | 3.1 маьІне а, коьртачу грамматически билгалонашка а хьаьжжана, коьрта а, гІуллакхан а къамелан дакъош, церан кепаш билгалйахар |
| **2.** | Изложени. «Асет а, Обарг а.» (А.76, сборн.) | Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци | 1.2 ладогІаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а, оьшу хаамаш схьахаржа хаарца а) |
| **3.** | Талламан болх №2. «Мамина совг1ат» | Цхьалхе шинах1оттаман предложени | 3.1 маьІне а, коьртачу грамматически билгалонашка а хьаьжжана, коьрта а, гІуллакхан а къамелан дакъош, церан кепаш билгалйахар |
| **4.** | Суртх1отторан сочинени. «Гуьйре». (А.115, сборн.) | Цхьалхе шинах1оттаман предложени | 1.3 хьалха хІоттийнчу Іалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хІоттийнчу хаттарна тІечІагІдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **5.** | Талламан болх №3 «Хьуьнан акхарой бІаьста» | Мотт а, къамел а. | 2.1 фонетикин суртхІотторан гІирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а |
| **6.** | Сочинени-дийцар. «Школехь». (А.118, сборн.) | Фонетика. Графика | 1.3 хьалха хІоттийнчу Іалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хІоттийнчу хаттарна тІечІагІдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **7** | Талламан болх №4 (тестировани) | Фразеологи | 1.2 ладогІаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а, оьшу хаамаш схьахаржа хаарца а) |
| **8** | Талламан болх №5 «Ден весет» | Дешан х1оттам а, Дошкхолладалар а | 4.3 дешан дошкхолладаларан, грамматически, маьІнин анализ йаран буха тІехь дош морфемашка декъар |
| **9** | Изложени. «Уггар хазаниг а, уггар ирчаниг а» (А.79, сборн.) | Дешан х1оттам а, Дошкхолладалар а | 1.3 хьалха хІоттийнчу Іалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **10** | Шеран талламан болх №6. «Накхармозий» | Морфологи. Къамелан оьздангалла. Орфографи | 3.2 цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |

## Талламан болх № 1 «Беркате аьхке»

Iалам! И дош доца делахь а, шен чулацам кIорггера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, берийн а, хьаннийн а дахар Iаламах хьаддa хила йиш йолуш дац. Лаьттахь долу дахар Iаламах дозуш, Iаламо латтош ду. Шен къайленех дуьззина, массо а хенахь шен хаза мур болуш ду Iалам. «ХIун къайленаш хир йара Iаламан?» - аьлла, хета тарло. Iалам дезаш хьо велахь, хьуна и, йоьшуш йолу хаза книжка санна, деша хуур ду, цунах пайда а оьцуш. (72 дош)

**Хь. Саракаев**

## Изложени «Асет а, Обарг а» (А.76, сборн.)

Кертахь дехаш-1аш дара з1енашца дихкина латтош долу дера ж1аьла Обарг. Генна д1а хезара цуьнан оьг1азе летар.

Масийттазза нисйелира Асет Обарг долчу хьалха. Ринжа долчухула чухьажа а г1иртира иза, амма Обарг гуш дацара.

Цхьана дийнахь майра а йаьлла, керта буьххье йелира Асет, доккха ж1аьла гира цунна т1аккха. Корта а лестош, шен кочара з1е д1айаккха г1ертара иза.

«Х1инцца аса г1о дийр ду хьуна»,- олуш кертал дехьа а иккхина, ж1аьла долчухьа йедира Асет. Оьг1азе, йо1ана т1е а дог1аделла, дера лета х1оьттира ж1аьла.

«Обарг, ма кхера, жиманиг. Аса х1умма а дийр дац хьуна», - к1еда-мерза йистхилира Асет. Цецдаьлла ж1аьла, т1ехьарчу когаш т1е охьахиира. Ткъа Асет, оьг1азечу ж1аьлина т1е а йахана, и хьаста а хьаьстина, цуьнан кочахь йоллу з1е  д1айаккха йуьйлира. Хазахетта, ж1аьла хьерадолучу хьолехь дара. Асетана гонаха кхиссадала доладелира иза, т1аккха, т1ехьарчу когаш т1е а х1оьттина, хьалхара ши т1од йоь1ан белшаш т1е биллира цо.

Обарг схьа а даьстина, кочара доьхка схьалецира Асета. Гонаха 1аш мел волу вахархо шех кхоьруш волу ж1аьла парг1ат дог1ура йо1ана йуххе а х1оьттина.

**Текст т1ехь болх бар.**

Текст дакъошка а йоькъий, царна ц1ераш тохку. Масала: 1) Обарг балехь ду.
2) Мукъадаккхар. 3) Доттаг1ий.
Билгалдоккху и дакъош цхьа а йукъахдита мегар цахилар. Дийцаран маь1на ца талхош дерг йукъара даккхарца текст йацйан тарлуш ду. Иштта, масала, йукъара даккха мегар ду

хьалхарчу декъехь кевна хьалха масазза хилира Асет бохуш дерг, шолг1ачу декъехь - Асетан цхьадолу дешнаш, Обарган цецдалар, кхоалг1ачу декъехь - т1аьххьара абзац.

**Хаттарш а, т1едахкарш а**

1. Хьанах лаьцна дуьйцу текстехь? Кхин х1ун ц1е тилла мегар дара цунна? Дийцаран коьрта маь1на х1ун ду?

2. Текст дакъошка а йекъий, царна ц1ераш тахка. Муха йазйан мегар ду текст? Хьалхарчу декъехь ца дийцича а мега дерг х1ун ду? Шолг1ачу? Кхоалг1ачу?

3. Муха ж1аьла хилла Обарг? И дера ж1аьла хилар т1еч1аг1деш долу масалш даладе. Ша парг1атдаьлча муха хийтира цунна?

4. Асет майра йо1 хилар т1еч1аг1деш долу масалш даладе, Йацйина изложени йазйе.

5. Текстаца йог1уш цхьанатайпана меженаш шайца йолу предложенеш х1иттайе: билгалйаха коьрта меженаш, сацаран хьаьркаш х1итторах лаций дийца.

## Талламан болх №2 «Мамина совг1ат»

Iуьйранна бархI сахьт далале хIума а йиъна, школе дIадахара Лидий, Салманний. И шиъ дIадахна ах сахьт далале, цIа йеара нана.

ЦIа чу йаьлча, цец а йаьлла йисира иза. Массо а хIума цIена йара. Йилина пхьегIаш, массо а хIуманна тIера дIайаькккхина чан, чу горгам а хьаькхна, дилинера аннаш. Дехьа чу йелира иза. Чуйоллушехь, цуьнан бIаьрг кхийтира шена диначу совгIатех. Маьнги тIехь кехат а, йаржа а йина Iуьллуш ши дневник а йара. Схьа а эцна дийшира нанас кехат: «Хьоме мама! Охашиммо даггара декъалйо хьо 8 Мартан дезачу денца! Хьо тхайна дуккха йехийла а лаьа. Хьан Лида а, Салман а». (98 дош)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Хьалхарчу предложенера билгалйаха коьрта меженаш.
2. Д1айазде, предложени цхьанах1оттаман йа шинах1оттаман йу.

## Талламан болх №3 «Хьуьнан акхарой бIаьста»

Арахь йовхо хIоьттича хиира чена. Iаьно набйеш а Iиллина, самайелира иза. Шен хIусамера арайолучу хенахь, иза кенах йолуш хуьлу, цунна тIера схьайуьйлу тIергIан баргалш. И тIаргIа хьуьнан кегийчу дехкаша шайна бенаш дан дIакхоьхьу.

Ара а йаьлла, дIайолайеллачу чено хIун до? Иза уггар хьалха зингатийн туьйлиг лаха йолало. Иза карайой, барз бохабой, цо хазахетарца хIаллакдо зингатий. Шен хьалхара ши ког, тIе мотт хьоккхий баша а бой, сихделла лелаш долчу зингаташна йуккъе а буьллий, тIе зингатий а лотуьйтий, чено уьш дуу. БIаьста ча дера а, меца а хуьлу. Цо дуу моьлкъарчий, пхьидаш, хьонка. (91 дош)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Дукхаллин терахьера дешнаш схьайазде.
2. Царех цхьаъ фонетически къастаде.

## Талламан болх №4 (тестировани)

1. **Дуьхьал маь1на долу дешнаш даладе (антонимаш)**

*Вахар – валар*
*болхбар – садаIар*
*ирс – бала*
*хаза – ирча*
*къоналла – къеналла*
*вожар – гIаттар*
*доттагIа – мостагIа*
*ларар – цавашар.*

2. **Кицанаш-антонимаш т1едуза.**
Сихалло са диъна – собаро лам биъна.
Дика к1ант г1ала – вон к1ант бала.
Дешар серло – цадешар бода.
Аьхка 1иллинарг – 1ай идда.
Ц1арца бегаш ма бе – хих а ма теша.
Б1аьрг стешха – куьг майра.
К1езиг дечо – дукха дуьйцу.

3. **Даладе фразеологически цхьаьнакхетарийн маь1на досту дешнаш:**

Бурч йоьхкина – (дов дина)
Ж1аьлеш хи т1е кхийллал – (дукха ду шу)
Ка **йахквелла** – (х1ума ца далуш)
Корта бетта – (дехарш дан)
Йахийта хьан алаша – (д1аг1о, д1авала кхузара)
Ц1е йаьлча санна, хьаьдда воьду – (чехка)
Б1аьрган нег1ар тохале – (сиха)
Ц1арна а ц1е йаххана – (дика вевзаш, г1араваьлла)

4. **Фразеологически цхьаьнакхетарщца ала билгалдаьхна дешнаш:**

<u>Ч1ог1а нийса</u> хадийна – (тай тоьхча санна)
<u>Дукха сиха</u> кхечира иза схьа – (ц1е йаьлча санна)
<u>Йухь дуьхьал х1оьттина</u> лаьтташ – (б1аьрг т1е б1аьрг х1оттийна)

5. **Маттах лаьцна долу ч1аг1делла цхьаьнакхетарш даладе:**
Мотт бетташ лела.
Матто йина чов.
Мотт баьстина.
Мотт къамбелла цуьнан.
Мотт кхаьбна.
Мотт бихкина.
Цхьа мотт каро.
Ж1аьлин мотт.

## Талламан болх №5 «Ден весет»

Цхьана стеган ворхI кIант хилла. Мацца а, шех лен цамгар кхетча, дас, кхайкхина и ворхIе кIант тIе а валийна, цаьрга аьлла:

- ВорхIе а ваха а гIой, цхьацца сара а бохьуш, чувола, ас со валале, цхьа весет дийр ду шуьга!

Цхьацца сара а бохьуш, ворхIе а чу а веана, дена хьалхха дIахIоьттина. Дас аьлла:

- Хьовсал, сан кIентий. И аша цхьаьна вовшахтоьхна ворхI сара санна, шу цхьаьна, бертахь, вовшийн гIо деш хилахь, шух аддам а кхаьрдар дац, амма шу вовшех довлахь, наха шу а лорур дац. Барт цхьаъ болуш хилалаш. Барт чIогIа маьIна долуш бу шуна. (94 дош)

**Грамматически т1едахкарш..**

1. Дешнийн хIоттам билгалбаккха: д1ах1оьттина, вовшахтоьна.
2. Билгалдаха лакхарчудешнийн кхолладаларан некъаш.

**Х. Берсанов**

## Изложени. «Уггар хазаниг а, уггар ирчаниг а» (А.79, сборн.)

Школехь кIантана хьалха декхар хIоттийна, «ХIун ду хIокху дуьнен тIехь хьуна гинчарна йукъахь уггар хазаниг а, уггар ирчаниг а» цIе йолчу темина сочинени йазйе аьлла. Дукха ойла йина к1анта сочиненин теманах лаьцна. Цунна хетарехь, уггар хазаниг зезаг ду. Ткъа уггар ирча хетарг пхьид йара.

Шен деда волчу вахана к1ант, иза иштта дуй хатта. Цо аьлла: «Уггар хазаниг – иза адаман къинхьегам бу, ткъа ирчаниг – адаман къинхьегаман пусар цадар ду. Хьада вало, жимма адамашна йуккъехула волало, т1аккха гур ду хьуна иза а, важа а».

Д1авахана к1ант. К1а дийначу ара кхочу иза. Гуш ду кхунна, кортош а лестош, шабарш деш к1енан кенаш.

«Х1ара ду-кх уггар а хазаниг, – кхета к1ант. – Х1ара адаман къинхьегам бу».

Кхид1а а воьду иза. Школа йолчу кхочу. Ловзуш, уьдуш бераш ду. Цхьа йо1 т1е налха хьаькхна бепиг дууш йу. Чекх а ца доккхуш, йисина баьпкан йуьхк лаьтта охьа а кхоьссина, ловза д1айедира иза.

«Х1ара ду-кх уггар ирчаниг, – хьесап до к1анта. – Адаман къинхегаман хама ца би цо».

Ц1а а веана, дерриге дедега д1адийцира во.

– Нийса кхетта хьо аса хьайна динчу хьехархь, – элира дедас. К1ант сочинени йазйан хиира, х1инца хаьа цунна, ша х1ун йаздан деза.

**Урокехь болх.**

1. Шуна муха хета, мила ву х1окху текстан автор (воккханиг йа бер, йаздархо йа кхин корматалла йолуш верг)? Дийца, х1унда кхоллайеллира шун иштта ойла. Муьлха масалш далор дара аша шаьш аьлларг т1еч1аг1деш.

Хьехархочун дош.

Х1ара текст йазйинарг (шуна тамашийна хетахь а) шу санна волу шун хенара к1ант ву. И цхьа тамашийна, башха к1ант ву ма мотталаш. Шу санна дешархо ву иза а.

2. Текстан коьрта ойла т1еч1аг1йеш долу дешнаш схьалаха. Хьан аьлла и дешнаш? Дийца, х1унда ца хилла к1ант йуьхьанца шена х1оттийнчу декхарна т1аьхьакхуьуш? Х1унда ца хиъна цунна къасто уггар хазаниг а, уггар ирчаниг а? Хьан г1о дира цунна цу т1ехь? Волавелла х1унда лелла к1ант? Т1аккха х1ун гира цунна, х1ун маь1на дира цо шена гинчух лаьцна?

3. Д1айазде доски т1е:

а) гур ду– гина, д1адийцина дедега, чекх ца доккхуш, т1аккха, уггар;

б) нийса кхетта, – элира дедас.

4. Герггарчу хьесапехь текстан чулацам схьабийцар.

5-чу классан дешархошна сочинени йазйар т1едиллина хилла. Цуьнан тема иштта билгалйина: «Х1оккху дуьнен т1ехь хьуна уггар ирча а, хаза а х1ун гина»

К1анта дукха ойла йина, иза муха йазйийр йу ца хууш. Воккхададе г1о дехна цо шена цу т1ехь. Воккхададас аьлла: «Уггар хазаниг адаман къинхьегам бу, ткъа ирчаниг – хьанал, къахьегнарг пусар ца деш, эрна х1аллакдар ду. И хьайна ган лаахь, нахана йуккъехула волало хьо», – хьехар дина цо к1антана.

Цо аьлларг дина к1анта. Цкъа иштта х1ара вог1уш кхунна к1енан можа аре гина. Эх1, хьо хазалла! Адаман куьйгаша, къинхьегамо кхоьллина и!

Волавелла кхид1а вахана иза. Кхочу-уш школа йолчу кхаьчна. Цу кертахь ловзуш бераш гина к1антана. Цхьана йо1а ша дууш хилла бепиг лаьтта охьакхуссуш гина цунна. Оцу йо1а адаман къинхьегамна т1е нехаш хьаькхна ша динчуьнца. Т1аккха кхетта к1ант, х1ара ду-кх уггаре ирчаниг.

Ша йухавеача, и дерриг а воккхададе д1адийцина цо. Вукхо резахилла, к1ант хастийна.

**Герггара план.**

1. Хала т1едиллар.

2. Дедех дагавалар.

3. К1енан аре.

4. Школехь гинарг.

5. Нийса дина хьесап.

Чеккхйаккха изложени х1окху хаттарна жоп луш: «Мичара йолу сонталла»?

## Талламан болх №6 «Накхармозий»

БӀаьсте тӀекхачар хаийтира накхармозаша а.

Шийла Ӏа чекх ма-деллинехь, накхарш (тускарш) ара малхе хӀиттийнера мазлагӀахь. Ӏуьйранна малх схьакхеташ шайн зевнаца меттахдевлира ца кӀордош къахьоьгуш долу уьш. Цкъачунна мозий накхаршна гена ца довлура.

Шайн мекхаш дIаса а хьедеш, цара хIаваъ толлура. ХIаваъ шийла хилча, уьш гена ца довлуш а, оьгIазе а хуьлу, йуххе ваханчунна атта йу а тухуш.

Кхано, малх лакха а баьлла, де доxделча, мозийн гIовгIа чIагIйелира, уьш гена дIаэха а дуьйлира. Накхармозаша хаам бора, бIаьсте кхоччуш шен бакъоне йирзина хиларан хьокъехь…

БIаьсте! Ирзуш, тогIеш, некъан йистош, бошмаш, баьццара, къорза куз тесча санна, зезагаша хазйой хуьлу. . (96 дош)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Хьалхарчу шина абзацера схьайазде цердешнаш, билгалдаха церан терахьаш.
2. Шолг1ачу предложенера «**шийла**» дашна йалайе синоним. (шийла-ц1ойзана, г1орийна)
3. Схьайазде гергара дешнаш. (накхарш, накхармозаша, накхаршна)

**Х. Берсанов**

## МХГ1Ф паспорт.
## 6 Класс

| № | Белхаш | Дакъа | Универсальни кодификатор |
|---|---|---|---|
| 1 | Хаарш талларан болх. №1. «Цхьогал» | *Мотт а, къамел а.* | 3.2 ЦIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 2 | Сочинени. «Ларде вай 1алам!» | Меттан функциональни тайпанаш | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 3 | Талламан болх №2. «Нана-Даймохк». | Билгалдош | 3.2 цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 4 | Изложени «Дуьххьарлера хьехархо» | Билгалдош | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 5 | Талламан болх №3 “Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьокх.» | Терахьдош | 1.2 ладогIаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а, оьшу хаамаш схьахаржа хаарца а) |
| 6 | Сочинени «Тхан доьзал» | Терахьдош | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 7 | Талламан болх №4. (тестировани) | Ц1ерметдош | 3.2 цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 8 | Талламан болх №5. «Олхазарийн дуьне» | Ц1ерметдош | 3.2 цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 9 | Изложени «Мухтар» | Хандош | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстаналарш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 10 | Шеран талламан болх №6 «Кегий йийсарш» | Хандош | 3.3 хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |

## Талламан болх №1 «Цхьогал».

Варшахь мангал хьокхуш воллура воккха стаг. Хи чохь зока а, т1уо чохь кхийран гуьмалк а, йуург йукъахьарчийна шаршун шед а цо кхуран 1индаг1ехь битинера. Тебаш, кхура к1ел деара цхьогал. Гуьмалках хьожа а йаьккхина, корта цу чу боьллира цо.
Г1аддахана т1о бууш доллура цхьогал. Мац а вела, кхура к1ел веара воккха стаг. Т1о бууш доллучу цхьогалх б1аьрг кхийтира цуьнан. Т1екхетта схьалецира цо иза. Цхьогалан корта т1уох буьзна к1айн бара. Бетах мотт хьоькхура цо. Воккхачу стага куллан кондарх д1адихкира цхьогал. Сарралц мангал а хьаькхна, ц1а ваха кечвелира иза. …(96дош)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Ц1ердешнашна буха сиз хьакха.

## Талламан болх №2 «Нана-Даймохк»

Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш йу, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, йуьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш йу дешица, детица кхелина.
Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш.
Бес-бесара бецаш йу, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .
Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза. 1ай арахь йаах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка) ухкуш…

(103дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Грамматически т1едахкарш.**

1.Билгалдешнийн легар, дожар билгалдаккха.
2.Хьалхарчу абзацера схьайазде лаамаза билгадешнаш.

## Изложени «Дуьххьарлера хьехархо»

Тхешан куьпарчу берашца школе йигира со а. Мел хаза хетара суна! Моьттура, дерриг дуьне оцу сайн жимачу т1оьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашеначу ирсе кхачор йу.

Лулахойн бераша хьехархочуьнга д1аелира со. Тхан йишин Элитин хенара йо1 йара иза. Х1етахь дуьйна дуккха а шераш д1адевлла. Амма суна цкъа а диц ца ло и де, сайн дуьххьарлерачу хьехархочун сурт а. Х1инца а гуш санна хета цуьнан эсала, екхна, к1айн горга йуьхь, къинхетаме б1аьргаш, букъ буьззина ловзу стомма 1аьржа ши ч1аба, д1аса т1емаш тесна, даьржина 1аьржа ц1оцкъамаш, к1еда аз.

Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо т1ейуьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина ч1агарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала г1ертара. Тхуна йуккъехь тасаделла доттаг1алла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.

Массанхьа а тхоьца йара Белита. Х1инца а ойла йо ас: цо йешаза книга, цунна ца хууш х1ума хила а хиллий техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала ела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а к1ордор дацара цаьрга ладог1.

(160 дош) А.Айдамиров

## Талламан болх №3 «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх»

Б1е ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. Х1ара ткъе ворх1азлаг1а вог1уш вара кху новкъа. Т1аьххьарчу ворх1-бархl шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус. Цо делкъале кхачавора Семёновке. 1одо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера йалташ дагардеш. Кхунна х1ора колл йевзара кху новкъахь. Колл-м йан а йацара. Аьхкенан малхо къиза йагийна, хьакхаделча куьг хадор долуш, нилха йаьлла йоца ира буц йара. Цхьа 1индаг1 а дацара б1аьрго ма-лоццу д1а, анайистах хотталучу, шерачу, йалта эрина ч1анайаьллачу арахь. Аренна т1е йижинчу йовхонан йуькъачу тоьвнан тулг1еш хедош йоьдучу автобус чу довха х1о детталора. Шовзткъе пхоьалг1ачу шарахь кхо г1аш бинарг бара х1ара.
Х1етахь-м х1ара берриге а г1амаран бара.

(102 дош. Яшуркаев С.)

**Грамматически т1едахкарш.**
1. Терахьдешнашна к1ел сиз хьакха.
2. Терахьдешнийн тайпа а, дожар а билгалдаккха.

## Талламан болх №4 (тестировани)

**Ц1ерметдашах 1амийнарг т1еч1аг1дар.**

**1.Ц1ерметдош ду:**
а) Къамелан дакъа;
б) Дешан дакъа.

**2. Ц1ерметдош лела:**
а) хандешан, ц1ердешан, билгалдешан метта; б) ц1ердешан, билгалдешан, терахьдешан метта.

**3.Ц1ерметдешнийн тайпа ду:**

а) 10;
б) 6;
в) 15.

**4. Йаххьийн ц1ерметдешан йуьхь йу:**

а) 3;
6) 12;
В) 9

**5. Хьалхарчу йуьхьан ц1ерметдешнаш ду:**

а) со, тхо, вай, вайша, тхойша;
б) хьо, шу.
в) и, иза, уьш.

**6.Шолг1ачу йуьхьан ц1ерметдешнаш ду:**

а) со, тхо, вай, вайша, тхойша;
б) хьо, шу.
в) и, иза, уьш.

**7. Кхоалг1ачу йуьхьан ц1ерметдешнаш ду:**

а) и, иза, уьш.
б) со, тхо, вай, вайша, тхойша.

**8. Чолхе ц1ерметдешнаш ду:**

а) со-суо, шу- шаьш, вай - ваьш: б) со, уьш, вай, тхо.

**9.Къастамза ц1ерметдешнаш ду:**

а) оццул, изза, церан, кхеран;
б) масех, минех, хьанех, цхьаь-м.

**9.Къастамза ц1ерметдешнаш ду:**

а) оццул, изза, церан, кхеран; б) масех, минех, хьанех, цхьаь-м.

**10. Дацаран ц1ерметдешнаш ду**: а) цхьа а, х1умма а, аддам а; б) Муха? Х1ун? Хьенан?

**11. Билгалъйаккха йукъаметтигаллин ц1ерметдешнаш долу предложени:** а) Цо дийцира суна ша г1ала х1унда Ваханера. б) Хьо г1ала х1 унда ваханера, Ильйас?

## Талламан болх №5. «Олхазарийн дуьне»

Берахь дуьйна хилла со олхазарш дезаш. Х1инца воккха мел хили а, ч1аг1луш схьабог1у сан цаьрга болу безам. Царех вуно ч1ог1а самукъадолу а сан. Дала ма-кхоллара, ц1ена, исбаьхьа ду олхазарийн дуьне. И дуьне девзачеран синош даима а сирла, ц1ена хир ду, Дала азаллехь кхоьллина ма-хиллар.

Сан дов хилла олхазарийн бенаш дохош болчаьрца, уьш лазош, заь1апдеш болчаьрца. Уьш адамех теша, ткъа цхьадолу адамаш къиза хуьлу цаьрца, къинхетам бохург х1ун ду а ца хууш. Делах ца кхоьру хир бу-кх уьш.

Олхазарша, пайда бар бен, зен ца до. Уьш ца хилча сагалматаш дебар йара. Ораматийн дуьне г1ийла хир дара йа хиллане а хир а дацара.

(101 дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Ц1ерметдешнашна к1ел сиз хьакха.
2. Билгалдаха церан тайпанаш.

## Изложени «Мухтар»

1уьйранна школе воьдуш вара Мухтар. Маржанг1еран кет1а нислушшехь, берийн мохь хезира цунна. Саца а сецна, ладуьйг1ира Мухтара бакъонца тийшира иза кхераделлачу берийн аьзнаш хиларх. Кхин хьем ца беш, ведда ц1ийнан не1аре вахана, и схьайелла г1оьртира Мухтар, амма схьа ца йеллайелира, чухула дог1а тоьхна хиллера цунна. Т1аккха ведда коре а вахна, корах чухьаьжира к1ант чохь буькъа к1ур, бара. Хиира Мухтарна чохь ц1е йаьллий. Г1уллакх мало йан а, йа т1аьхьататта йиш, йолуш дацара. «Же, Мухтар, сиха лела! Г1о де берашна, к1елхьара даха уьш» – бохура цо ша шега. Буй тоьхна, ангали а дохийна, коран ши дакъа схьа а диллина, маьнги к1елахь мохь оьхуш 1ен йо1 арайаьккхира цо. Ц1ийнан цхьана сонехь, бертал а воьжна, г1ийла узарш деш 1уьллу жима к1ант а ара ваьккхира. Йуха, ведда ураме а ваьлла, шен доггаха мохь бетта велира: «Орца дала! Ц1е йаьлла, ц1а догуш льатта», – бохуш. Цуьнан мохь хезна лулахой а, урамехь нисбелла нах а схьахьаьлхира. Цара догучуьра ц1енош а, дуккхах йолу чуьра х1уманаш а к1елхьарайехира. (157 дош)

## Шеран талламан болх №6 «Кегий йийсарш»

**«Кегий йийсарш»**

Г1опал ара ца ваьлчхьана маьрша витинера к1ант. Уьйт1ара д1ахьаьжча гира цунна йовхонан тов хьийзочу мархана йуккъехула долу льамнаш. Цигахь ша вина йурт хилар дагара ца долура. Г1опара вада салаьттара.

Г1опана гонаха бина лекха пен бара. Харш маь1-маь11ехь лаьттара. Делахь а дог ца дуьллура к1анта. Аьтто лехарх карош бац. Хьуна дагахь а доцуш нисло иза. Иштта цкъа аьтто белира 1алин а. Ха деш волу салти цхьа г1уллакх хилла йуьстахвелира. Сиха д1асахьаьжира к1ант. Пен телхина, ког билла киртигаш йолу меттиг гира цунна. Дукха маса цунна т1е а хьаьдда, дехьаиккхира иза.

Дехьа хехь лаьттачу салтичунна гира ведда воьду к1ант. Цо орца а даьккхина, ши-кхо дошло т1аьхьахецавелира. К1ант г1опа йухавалийра.

(106 дош. 1.Гайсултанов. «Кегий йийсарш»)

**Грамматически т1едахкарш.**

*1. Хандешнашна буха сиз хьакха.*

*2. Морфологически таллам бе.*

1-ра вариант — *к1ант*

2-г1а вариант — *ши-кхо (дошло)*

3-г1а вариант — *иза*

**3.** *Хандешнаш хенашца хийца: вита, даккха.*

**7класс.**

| № | Белхаш | Дакъа | Универсальни кодификатор |
|---|---|---|---|
| 1 | Хаарш талларан болх. №1 «Гуьйренан т1аьххьара денош» | *1амийнарг карладаккхар.* | 4.6 предложенин синтаксически анализ кхочушйар, предложенехь коьртачу къамелан дакъойн синтаксически гIуллакх къастор |
| 2 | Сочинени. «Сан | Текст | 1.1 нохчийн маттахь йешаран хаарш кхиор |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | хьоме Нана» | | (Iаморан, довзаран, хьажаран), йешначу коьчалан чулацам тобар, ткъа иштта, текстан коьрта ойла, кхетамаш схьакъасто хаар, тIечIагIдаран а, суртхIотторан а гIирсийн маххадор |
| 3 | Талламан болх №2. «Дахар». | Хандош | 3.3 хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 4 | Талламан болх №3 «Ирсе б1аьрхиш» | Хандош | 4.6 предложенин синтаксически анализ кхочушйар, предложенехь коьртачу къамелан дакъойн синтаксически гIуллакх къастор |
| 5 | Изложени «Борзик» | Хандош | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 6 | Талламан болх №4 (тестировани) | Причасти | 3.3 хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 7 | Сочинени «Мила хила лаьа суна?» | Деепричасти | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 8 | Талламан болх №5 «Даймохк» | Масдар | 3.3 хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 9 | Талламан болх №6 «Хи» | Куцдош | 3.2 цIердешнийн, билгалдешнийн, цIерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| 10 | Изложени «Олхазарийн баркалла» «Къинхетам» | Г1уллакхан къамелан дакъош | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 11 | Шеран талламан болх №7 «Къинойх ц1анвалар» | Г1уллакхан къамелан дакъош | 3.4 дештIаьхьенаш, дакъалгаш, хуттургаш, церан тайпанаш къастор |

## Талламан болх №1 «Гуьйренан т1аьххьара денош»

Г1а доьжначу варшахь г1а дожаза лаьтта нежнаш, генара хьаьжча, элан литтанех тарлора. Йалтех йуьззина лаьттина аренаш йассайеллера. Йовхо ца лора х1иллане лепачу малхо. Ирча, сингаттаме дара аренашкахь. Йуьртахь дацара, х1ара ду аьлла, ойла т1ейоьрзур йолуш х1ума. Хуьлуш дерг хьаьжк1аш тило цхьаццаммо белхи бар дара. 1аьнна кечлуш, д1атуьйш долчу дахарна йукъа цо дахьарг а бен-берса х1ума дацара. Керташкахь д1ах1иттийнчу г1одмийн такхораша нилха ц1енош долу к1отар йукъйора. Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а. Такхорашна йуккъехь а, т1ехь а, мотт хьаькхча санна, ц1ена йара. Цхьаннахьа охьайоьжна луьйдиг йацара гуш. Гуьйранна ирча хуьлу йараш. Уьш бухйаьхначуьра оьрнаш Элберда д1ашардинехь а, леррина болх бар гойтуш, билгалдуьйлура. Дечу г1уллакхна и т1ера хилар хаьара… (106 дош Х. Эдилов.)

**Грамматически т1едахкарш**. 1. Синтаксически таллам бе х1окху предложенина: *Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а.*

## Талламан диктант №2 «Дахар»

Кертахь йаьлла г1овг1а ца хаалора цунна. Цуьнан йерриге а ойла стиглахула г1ийлачу узаршца къилбехьа йоьлхучу г1арг1улеша д1алаьцнера. Кхеран кертахь йаьлла хаза сийна буц, цундела кест-кеста корах ара б1аьрг тоха дог дог1у. Йуург-мерг эца вог1у кху туькана гонаха мел веха стаг. Керта мел вог1у стаг саг1ина х1ума ца кховдош д1а ца вохуьйтура йоккхачу стага. Буьйцу мотт ц1ена а, шера а хиларца
къаьсташ вара пхьоьхане гулбеллачу нахана йуккъехь к1айн маж йолу зоьртала цхьа стаг…

… Кхораш чохь кочарчу т1оьрмигах ши лекъ, моший а кхозуш вог1учу Мурдална ма- йарра гора х1ара орцан когашкахь 1уьллу шайн йурт.

Котаман к1орнин г1ийла «ц1ик» иккхира кхуьнан семачу лерга. Эвла йолчухьара куьйра дог1ура. Цуьнан м1араш юккъехь кхозура и т1аьхь-т1аьхьа орцадоху к1орни… (112 дош.)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Хьалхарчу абзацера хандешнашна к1ел сиз хьакха.
2. Хьалхарчу абзацера хандешнийн саттамаш билгалбаха.

## Талламан болх №3 «Ирсе б1аьрхиш»

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, йуха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, йуха а 1инах чу шершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза.

(109 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

**Грамматически т1едахкарш.**

1.Хандешнийн спряженеш билгалйаха.

2.Хьалхарчу предложенина синтаксически къастам бе.

## Изложени «Борзик»

Бердана гена воццуш саца а сецна, шен керара т1улг хи чу кхоьссира Салмана. Амма т1улг хи чу ца бужуш, гена боццуш лаьтта охьабуьйжира. К1ант хина герга хилира. Йуха а т1улг кхоьссира цо. Иза а 1алашоне ца кхечира.Бердана цхьа-ши г1улч бен гена воцуш д1ах1оьттира иза. Куьг хьала а айбина, йуха а т1улг кхоьссира Салмана. Иза цо д1аластошшехь, ког а шершина охьа а кхетта, басах керчина «Нана!»-маьхьарца хи чу вуьйжира к1ант.

-Салма-ан!-шийла мохь белира Ануга.

Кхоьссина х1ума санна хьала а иккхина, хи т1е йедира иза. Амма цул а каде хьалаикккхира Борзик. Доьддушехь, кхоссаделла хи чу иккхира иза.

Даккхийра нека а деш,к1антана т1аьхьа кхуьуш лаьттара ж1аьла. Йедда йоьдуш йолу Ану, ког а тасабелла, нисса бертал, йахйелла хин йисте охьайуьйжира. Цунна ца гира к1антана т1аьхьакхиъна, катоьхна цуьнан кучан кач а лаьцна, неканца берда йисте духадог1уш долу ж1аьла.

Иза кхетамчуьра йелира… Ж1аьлина г1о дан дуьхьал девдира, генахь доццуш ловзуш хилла бераш. Амма цара г1о дан ца оьшуш, шен доттаг1 а багахь йисте кхаьчна Борзик, цкъа-шозза кхоссаделла, гомхачу бердах хьаладелира. К1ант лаьтта охьахецна, шена т1ера хи д1адоккхуш, лестира ж1аьла. Салман, б1аьргаш а хьаббина, т1ера хи а 1ийдалуш, 1уьллура.

Девдда т1екхаьчначу берех цхьаммо, накъостийн г1оьнца лаьттара схьа а эцна, к1ант берталнехьа шен голи т1е а виллина, охьаверзийра, цуьнан г1ода йуккъе т1е куьйгаш а те1ош.

Салманан мерах а, багах а хи охьахьаьдира. Йуха лаьтта охьавиллича, доккха са а даькккхина, б1аьргаш биллира к1анта. (228 дош)

1.Йуьззина изложени йазйе.

Гергара план

1.Берда йистехь.

2.Шийла мохь.

3.Доттаг1 к1елхьараваккхар.

4.Г1о оьшуш дац.

5.Салмана б1аьргаш схьабоьллу.

## Талламан болх №4 (тестировани)

**«Нийсаниг харжар»**

**1. Причасти олу :**

а) предложенин коьртачу меженах ;

б) хандешан шатайпанчу кепах ;

в) ч1аг1делла цхьанакхеттачу дешнех;

г) йукъадалочу дешнех.

**2. Причастино гойту билгалонаш:**

а) хандешан, билгалдешан ;

б) билгалдешан, куцдешан ;

в) ц1ердешан, билгалдешан;

г) ц1ерметдешан, терахьдешан.

**3. Причастин д1ах1оттам хуьлу:**

а) ц1ердашна хьалха билгалдош;

б) хандашна хьалха ц1ерметдош;

в) ц1ердашна хьалха хандош;

г) терахьдашна хьалха хандош.

**4.Лааме причасти кхоллало:**

а) билгалзачу кепана т1е р кхетарца;

б) лаамечу терахьдешан г1оьнца;

в) билгалдешан чаккхе хийцайаларца;

г)лаамазчу причастих, т1е рг кхетарца

**5. Причасти дожаршца хийцало:**

а) ц1ердош санна;

б) хандош санна;

в) билгалдош санна;

г) ц1ерметдош санна.

**6. Причасти классашца хийцало:**

а) йаханчу хенан билгало гойтург;

б) хандешан гайтам берг;

в)хандешан билгалза кепехь йерг;

г) дацаран маь1нехь йерг.

**7.Йазйарехь вовшех къаьсташ йиац;**

а) йаханчу, карарчу хенан причастеш;
б)  карарчу, йог1учу хенан причастеш;
в) йог1учу, ихначу хенан причастеш;
г) хила мегачу, йаханчу хенан причастеш.
**8. Йог1учу хенан причасти кхоллало:**
а) йаханчу хенан чаккхене у х1оттарца;
б) карарчу хенан орамна  т1е суффикс-р кхетарца;
в) карарчу ханна т1е долу, волу, йолу, болу кхетарца;
г) ши орам вовшахкхетарца.
**9.Причастин карчам олу:**
а)  хандашца цхьана лелачу дешнех;
б) шеца дозуш дош долчу причастех;
в) чаккхенехь рг долчу причастех;
 г) билгалзачу кепехь лелачу причастех .
**10.Причасти цкъа-цкъа йерза тарло:**
а)  ц1ерметдаше;
б) терахьдаше;
в)  хандаше;
г)  билгалдаше.

**Дог1анаш.** (ключи )

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| б | а | в | г | в | б | а | в | б | г |

## Талламан болх №5 «Даймохк»

Бийцина  ца  валлал, хаза,  беркате   мохк бу вайн. Тайп-тайпана    дитташ  долу  хьаннаш  йу, шера аренаш,  лекха  лаьмнаш. Чухьаьжча, йуьхь-сибат  а  гуш,  бухдуьйлу  сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш  йу дешица,  детица  кхелина.
Дитта  т1е  олхазар  хуу. Цо  вайга   дагара  дуьйцу, шен зевне  аз вайн   дегнех  а  хьерчош. Т1аккха  ойла  кхоллало: «Ма  хаза а,  ма  зевне  а  бу-кх  хьо,  Нана-Даймохк,»-олий. Иштта  вайн мохк  хаза, токхе  хиларна  деха  вайца  и  тайп-тайпана  олхазарш.
Бес-бесара  бецаш  йу, шеца   олхазаршна  дез-деза  х1у а  долуш.  Стоьмаш  бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .
Уьш  олхазарийн  даарш  ду. Адамаша  олхазарийн  1уналла  дан  деза.
1ай  арахь  йаах1ума  а  латтош,  дитташ  т1е **гуйш**  а (кормушка) ухкуш…

(113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Грамматически т1едахкарш.**
1. Схьайазде текстера масдарш.
2. Буха сиз хьоккхуш, билгалбаха текстера деепричастин карчамаш.

## Талламан болх № 6 «Хи»

Хи чуьра ч1ерий дохуш сакъералора Хьажмурдан. Къаьсттина ч1ог1а сакъералора цуьнан дай чу хьоьжуш. Шен воккхахволчу вашас бина жима дуо бара к1ентан хи чу буг1уш лелош. Дуьйрийн мижарг а, йагийна ма1а а, багийна хьаьжк1ан кан а, сискал а тосура  Хьажмурда  цу чу. Башха хи к1оргачу метте а ца буг1ура цо иза.      Шалажа а дацара  иштта  доккха хи а. Маь1-маь11ехь дог1ура и. Лохачу  бердан к1ел, хи к1оргачохь, дуо буг1уш меттиг йара Хьажмурдан. 1уьйранна а, сарахьа чу моссаза  хьожу а, чабакх а, ирг1у а, ч1ерий дохура  цо.

Цхьана буьйсанна стигал къекъаш дог1а а деана, хиш дистира. 1уьйранна самаваьллачу Хьажмурдана хезаш йара дистинчу хино йен г1овг1а…

Ши-кхо де даьллачул т1аьхьа, хи дистинчуьра чудоьжча, хьажа ваханчу Хьажмурдана шен дуо ца карийра…

(117 дош. Х-.А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Хьалхарчу абзацера схьайазде куцдешнаш шайца уьйр йолуш долчу къамелан декъаца.
2. Т1аьхьарчу предложенина бе синтаксически къастам.

## Изложени «Олхазарийн баркалла»

Кехаташ, газеташ чутуьйсу йаьшка кертах д1атоьхна йара.

Йуххехула д1асалелара адамаш, машенаш. Шина дийнахь ц1ера ваьлла а лелла, ц1а веанера со. Керла газеташ схьаэца дагахь йаьшки чу хьаьжча, со цецвелира. Газеташца йаьшки чохь дара дакъаделла гаш, чемхалгаш, месаш. Луларчу берашна г1еххьа оьг1азвахара со. Нехаш ара а кхийсина, йаьшка ц1анийра ас.

Цул т1аьхьа цхьа-ши де даьлча а изза хилира: йаьшки чохь «нехаш» йара. Йуха а луларчу берашна реза воцуш, йаьшка цанйан воьлча, сан тидам хилира жимачу шина олхазаран. Уьш суна гена ца дуьйлуш, «ц1арр-ц1арр» деш хьийзара. Х1ун ду техьа х1ара аьлла, йуьстах а ваьлла, сайн болх бан х1оьттира со. Ас деш долу татанаш тергал а ца деш, олхазарша а д1аболийра шайн болх: уьш рогг1ана сан йаьшки чу а оьхуш, арадуьйлура.

Шолг1ачу дийнахь хьаьжча, йаьшки чохь котаман месех бина горга бен бара.

Цхьа к1ира даьллачу хенахь дагадеана ас йаьшка схьайиллича, чуьра араикккхира букъ т1ера мокха, до1ахан басахь, чук1елара ц1еран-ц1ечу басахь долу хаза, жима олхазар. Иза гена ца долуш охьахиира, синтем байна дека а декаш. Олхазар реза дацара ша бенара меттахдаккхарна.
Бенахь 1уьллура стигалан басахь жима диъ х1оа. Т1аккха йаьшка хьостамий а тухуш д1акъевлира ас, олхазаршна чуара довла 1уьрг а дитина.

Цхьана дийнахь х1усамнана хесахь асар деш йоллура. Цо д1ах1оттийначу аьстанан г1ожа т1е а хуьйшуш шайн «ц1ар-ц1ар» деш наьрсийн хуталш йуккъе лелхаш, лийлира цхьа хаза олхазарш. Уьш башха къехка а ца къехкара. Цара хесара а, бешара а леца а лоьцуш, дууш х1аллакдора зуламе н1аьний а, кхийолу садолу х1уманаш а. Йаьшка шайн х1усамна паргат йитарна баркалла олуш дара и кегий олхазарш. (Хь. Хасаев. 232 дош)

**Герггара кеп:**

1. Газетийн йаьшки чохь нехаш.
2. Х1усамдас олхазарш тергалдо.
3. ЙАьшки чохь бен.
4.Олхазарийн баркалла

## Шеран талламан болх №7 «Къинойх ц1анвалар»

Даьсса, дайн хабарш цадийцар - шен маттана доладар. Ша летийна къинош, шен сакхташ дагахь а латтош, царна хаддаза Деле гечдар дехар. Оьг1азе, дера воцуш, даим синтемехь, саметтахь хилар. Цхьана дийнахь вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) 1еле (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

Ва 1ела, кхайкхина воцчу шуьне а хаий, хьайн корта ма байбелахь. Хьайга хьоттуш доцу дош а дийций, хьайн дош ма дайалахь. Дас шен доьзална дечу хьехарна йукъа а ма г1орталахь. Кхоалг1ачух лачкъийна шиммо дечу къамелана йукъа а ма г1орталахь. Воккхачуьнца лераме хилалахь.

Бакъдерг дезар а, иза лахар а Делан дуьхьа латточу къийсаман даржехь ду. 1илмано дагна

серло ло, б1аьргаш схьабоьллу, стаг хазво, вазво, ч1аг1во. (112 дош.)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Хьалхарчу абзацера схьайазде масдарш.
2. Шолг1ачу абзацера, буха сиз хьокхуш, билгалбаха деепричастин карчамаш.
3. Т1аьхьарчу предложенина бе синтаксически къастам.

**8 класс.**

| № | Белхаш | Дакъа. | Универсальни кодификатор |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. «Нохчийчоьнан во1» | Мотт а, къамел а. | 4.6 предложенин синтаксически анализ кхочушйар, предложенехь коьртачу къамелан дакъойн синтаксически гIуллакх къастор |
| **2.** | Изложени. «Доттаг1ий» | Меттан функциональни тайпанаш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **3.** | Талламан болх №2. «Ненан дарбане куьг» | Синтаксис. Къамелан оьздангалла. | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **4.** | Сочинени. «Вайнаха хьаша ларар» | Предложенин коьрта меженаш | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **5.** | Талламан болх №3 «Борз» | Предложенин коьрта меженаш | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **6.** | Талламан болх №4. «Берийн дахар» | Предложенин коьртаза меженаш. | 4.5 предложенин коьртаза меженаш, тIедерзарш, йукъадало дешнаш къастор |
| **7.** | Изложени. «Дайн 1адат» | Предложенин коьртаза меженаш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **8.** | Талламан болх №5 «Лаьмнашкахь» | Цхьалхечу предложенийн кепаш | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **9.** | Талламан болх №6 «Гуьйренан суьйре» | Предложенин цхьанатайпана меженаш | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **10.** | Сочинени «Тхан кхиамаш» | Предложенин шакъаьстина меженаш | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **11** | Шеран талламан болх №7 «Оьздангалла» | Ма-дарра а, лач а къамел | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |

## Талламан диктант №1 « Нохчийчоьнан во1»

Ша тайпана цхьа башха корматалла йолуш поэт вара Сулейманов Ахьмад. Иза поэт, йаздархо хилла ца 1ара. Ахьмад воккха 1илманча, историк, мохк талларан говзанча, г1иллакх-оьздангаллин хьехамча вара.

Ахьмада къамел деш ладог1а к1орда ца дора цхьаьнне а. Цо нах бела а бора, белха а бора. Адамийн а, 1аламан а къайленаш дика йевзара Ахьмадна. (52)

Аьхкенца лаьмнашка д1авоьдура иза. Бецийн, зезагийн, диттийн дуккха ц1ераш хаьара цунна. Ахьмада йоккхачу говзаллийца йаздора, дуьйцура шена гинарг, тидам бинарг.

Суна хезна а дацара, «ц1абалгаш» боху дош, ца гинера уьш т1ехь кхуьу дитташ. Цкъа Ахьмада вигира со а, Валид а и дитташ долчу. Церан истори а йийцира цо. Царех оьрсаша, «каштоновые» олу.

Цкъа Сулейманов со волчу веача, хьуьн чохь болчу 1ома т1е садa1а дахара тхо. Массара боьг1ча а, ч1ерана ма1ар ца буьйг1ира цо. **(124 дош)**

**Грамматически т1едиллар.**
1. Адамийн а, 1аламан а къайленаш дика евзараАхьмадна – синтаксически талам бе.

## Изложени. «Доттаг1ий»

Арахь йаьллачу г1овг1анах а, тоьпан татанах а кхераделла берзан к1езий, шешан бена чохь цхьана сонах д1атебба дохкура. Царна топ тоха дегаза хеташ, вехха лаьттира Атби. Уьш кегий долу дела царах къахетара цунна. Уьш ца дойуш йита мегар доцийла а хууш, жа йуккъе лилхинчу берзалоша кайетташ дуьмеш даьхна уьстаг1ий шена гича, хеттарг дага а лаьцна, к1езийн з1уганна йуккъе топ туьйхира Атбис. Делларг, дийна диснарг муьлха ду а хьожуш, пхий а к1еза дийра цо.

Барза а далош метта веара и шиъ.

Вало, Ваха, х1инца ц1а а г1ой, колхозан правленехь болчаьрга вайшиммо берзалой йайиний хаийта, шена луург хьажа вог1ур. Борз йерна уьстаг1-х1ума а ма йог1у вайшинна. Пайденна йоцчу йаьллехь а, ас барзана т1ера ц1ока схьайоккхур йу, - аьлла, ша буха а сецна, Ваха ц1а хьажийра Атбис.

Ткъа х1окху Барзина х1ун до вайша? - аьлла хаьттира Вахас. Шех къинхетам байта санна, г1ийла б1аьргаш керчадора ж1аьло, шен ц1ейаьккхича.

Барза соьца ца 1ийча дер дац, чевнаш д1айерззалц, - элира Атбис.

Шен т1оьрмиг а эцна, Ваха ц1ехьа волавелча, ц1ога а лестош, ц1ийзаш меттахделира Барза.

Барза, хьо 1ад1ен деза кхузахь, цкъачунна, хьуо тодаллалц. Со кест-кеста вог1ур ву хьуна кхуза, - аьлла, коьрта т1е куьг а хьокхуш, Вахас ша хьаьстича, шега бохучух кхетча санна, Вахина т1аьхьа ца г1уртуш, Атбица сецира иза. Ваха ц1а вахара.

Гуьйре шелйелча, жа колхозан ферме далийра Атбис. Борз йерна колхозо уьстаг1 а, ц1окарчех пачхьалкхо ахча а делира Атбина. Барза а, чевнаш д1а а йирзина, тоделла.

Цхьана дийнахь кегийчу 1ахаршна х1ума йан хьуьнах вахара Атби. Иза дара 1ай. Цхьа а лар йуй техьа берзан бена т1ейоьдуш аьлла, хьажа вахара иза. Амма иза, ло т1е а тесна, къайлабахнера. Т1ейог1уш цхьа а лар йацара.

Берзан бен д1ашарбелла карийча, дукха хан йоццуш хилла дерг дага лоьцуш, ойла а йеш лаьттара иза. (287 дош)

**ПЛАН**

1.Берзан к1езий дайар.
2.Ваха Атбис ц1а хьажор.
3.К1ант ж1аьлега г1ийла хьажар.
4.Барза тодалар.
5.Берзан бен карор

**Талламан диктант №2 «Ненан дарбане куьг»**

Цхьана ламанан йуьртахь дехаш хилла наний, к1анттий. Кху дуьненахь йаккха шен оьмар чекхйаьлча, нана д1акхелхина. К1ант ша висна. Т1аккха ц1еххъана иза азвала волавелла, кертахъ даа-мала шортта доллушехь.

Дарбанчашна а, х1ума хуучу нахана а т1екхийлина иза гергарчара. Амма дарба карош ца хилла.

Ницкъ а эшна, метта охьавижина к1ант. Кхин дан амал а ца хилла, махкахь а дика вевзаш, ц1е йаханчу шайхана т1ебахана цуьнан гергара нах. Шайхе д1адийцина ма - дарра. Шайхо аьлла:

– Цунна токх нанас шен куьйга бина кхача а бен ца хилла. Иза толур ву, нагахь санна аша цуьнан ненан куьг кхетта кхача баабахь. Кхин дан дарба дац цунна. Кхача а кечбина, ненан коша тle бахана вуьйш. Каш а аьхкина, шаьш беанчу кхачех ненан дакъаделла куьг хьакхадалийтина цара. И кхача к1антана хьалха биллина цара. Вукхо биъна. Цхьа-ши де далале, то а велла, меттара хьалаг1аьттина к1ант. (133 дош)

**Грамматически т1едиллар.**

1) 2-чу предложенина буьззина синтаксически таллам бе.
2) 4-чу предложенера дешнийн цхьаьнакхетарш схьайазде, карарчу уьйран кепаш билгалйаха.

**Сочинени (ОГЭ-н кепехь (9.3) «Вайнаха хьаша ларар»**

(1)Нохчийчохь уггаре а хазачу йартех йолчу Шелан районерчу Сиржа-Эвлахь ду Гайсуркаев Мохьмад вехаш долу ц1енош. (2)Хил дехьа а, сехьа а лаьтташ бу йуькъачу хьаннийн арц. (3)Цул дехьа к1айчу мархийн обанаш оьхкина гуш ду Кавказан къоьжа лаьмнаш. (4)Цу хазачу меттигаша, тешамечу доттаг1алло дог-ойла хьоьстуш, Мохьмадан х1усаме биссира беза хьеший. (5)Иза дара 1965-чу шеран ийуль баттахь.

(6) «Тамашийна, веза, воккха хьаша веъна Г1ойсаркъин Мохьмадг1аьрга. (7)Цуьнан командир – доттаг1а!» - боккха кхаъ хилла д1ахезира лулахошна. (8) Йуьртахой а схьагулбелира. (9)И кхаъ районе а, республике а д1акхечира. (10)Дуккха а векалш баьхкира безачу хьешашка маршалла хатта а, уьш ган а, декъалбан а.

(11)Массарна а лаьара т1амехь халонаш цхьаьна лайна, кхераман сахьташ цхьаьна текхна, вовшашна вошаллин г1о дина ши доттаг1 оьрси Шумов а, нохчо Гайсуркаев а цхьаьнакхеттачу дезачу дийнахь дакъалаца а, и шиъ ган а, декъалван а, цаьршиннан хабаршка ладог1а а.

(12)Т1аьхь-т1аьхьа адам схьагуллуш, Мохьмадан ков-керт йуьзира. (13)Районера куьйгалхой а кхиира, республикера цхьацца йукъараллин векалш а баьхкира.

– (14) Вай Веданан парке хьаладаха деза, – элира Веданарчу райкоман хьалхарчу секретара.

(15)Дукха адам дара Веданан паркехь вовшахкхетта. (16)Ша лерина а, шен а, Мохьмадан а доттаг1алла лерина а и адам вовшахкхетта хазахеташ, воккхавера Шумов. (17)Оццул ч1ог1а ша сийдеш т1еэцар, кхин хуьлийла доццуш, деган доккха совг1ат хилира цунна. (18)Мохьмадан доьзалехь хилла ца 1аш, иза вехачу йуьртахь, районехь, республикехь боккха кхаъ хилла, доттаг1аллин дезде хилира иза кхуза варах.

(19)Оцу дийнан дуьхьа санна, къеггина хаза кхеттера малх. (20)Цу хазачу дийно самадаьккхинера гонахара 1алам. (21)Т1екхевдина герггахь лаьттара исбаьхьа лаьмнаш. (22)Церан лекхачу даккъех хьерчаш, йист йоцчу паналле д1ашершара к1айн мархаш…

– (23) Муха хета хьуна, Александр Иванович, тхо долчу Кавказехь? – хоьттура х1инца вовшахкхеттачу дезачу дийнан тхьамда ларалуш волчу, Веданан райкоман хьалхарчу секретара.

– (24)Ч1ог1а хаза хета. (25)Х1ара схьагуш долу 1алам санна, шатайпа куц долуш хета суна кхузара адам а. (26)Иштта х1окху схьагулделлачу адамийн йуьхь-сибат тергалдо ас. (27)И сан доттаг1 Мохьмад санна, догц1ена а, тешаме а, эшначохь шайн кийрара са адаман г1уллакхна д1а а лур долуш, майра а, доьналла долуш а нах хета суна и сайна гуш берш а.

– (28) Бакъ ду, Александр Иванович, цу т1е, болх ч1ог1а беш, хьуьнар долуш а ду и хьуна гуш долу адамаш.

– (29)Хьаша везаш т1еэцар, хьаша ларар, иза къаьсттина дика ду шун къоман. (30)Х1ара тахана аш соьца лаьцна долу г1иллакх цхьана а барамца дуста ницкъ ца кхочу сан.

–(31) «Хьаша беркат ду», – аьлла тхан дайша. (32)Иза бакъ дуйла хаьий хьуна? (33)Хьажал, хьо бахьана долуш, тахана вайн хилла ирс. (34)Ирс ма ду адамаш вовшийн довзар, дезар, вовшех марзо эцар.

(35) «Х1орш ду-кх уьш, Лермонтовс дийцина адамаш. (36)Х1етахьлерачийн т1аьхьенаш, доьналлина, г1уллакхна, оьздангаллина х1умма а эшаза…» – ойла йора Шумовс.

(Берсанов Х.-А.А.)

Муха кхета хьо **ЛАРАМ** бохучу дешан маь1нах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

ЙАзъе **«Вайнаха хьаша ларар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха т1ехь. **Хьаша ларарх** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг т1еч1аг1деш, ши масал-т1еч1аг1дар даладе: **цхьа масал**-т1еч1аг1дар даладе ешначу текстера, **шолг1аниг** - хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

## Талламан диктант №3 «Борз»

Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самайаьхна ойланаш а, б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Йуха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. (7) «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», - дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза …

Г1ота уллохь йара х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш, лаьттара Баймарза… (130 дош)

**Грамматически т1едиллар.**

1. Буьззина синтаксически таллам бе хьалхарчу предложенина:
2. 3-чу предложенера коьрта меженаш билгалйаха.
3. 7-чу предложенина схема х1оттайе.

## Талламан диктант №4 «Берийн дахар»

Х1етахь со хиллачу тхан берийн бешана уллохь йара ишкол. Со а карахь вахна ишколана уллорчу цхьана ц1ийнан не1арх чувелира Мажда. Бераша йаькххина йоккха г1овг1а йара чохь. Йехачу стоьлийн шина а аг1ор охьахевшина 1аш дара даккхий а, кегий а бераш.

Оцу дийнахь хьалхарчу классе д1а а йазвина, деша волавелира со. Ткъа Маждех сан воккхахволу доттаг1а, шолг1а да хилира. Шен к1антал башха ца хеташ, тергалвора цо со. Хийла и волчохь ц1ахь де-буьйса даьккхира ас.

Дуккха а керла доттаг1ий хилира сан школехь. Районан тайп-тайпанчу йарташкара баьхкина бара уьш цига деша. Ч1ог1а бертахь а, дешарна т1ера а бара уьш.

Синкъераме а, хаза а д1аоьхура школехь берийн дахар. Тайп-тайпана ловзарш, къийсадаларш, хелхарш, иллеш дара тхан. Х1етахь Веданахь футбол башха йевзаш йацара, амма волейболах ледара ца ловзура ишколан лакхарчу классашкара дешархой. (126 дош)

**Грамматически т1едиллар.**

1. 2-чу абзацера хандешан х1оттаман сказуеми схьайазде.
2. 2,3-г1ий абзацашкара латтамаш схьайазбе, церан тайпанаш билгалдаха.
3. Текстан т1аьххьара предложени синтаксически талла.

## Изложени «Дайн 1адат»

Мацах цхьана юьртахь ловзар хилла. Луларчу ярташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1ог1а тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина юкъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехеш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла.

Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо:

– Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь… Хьайн таро елахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла.
– Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а. са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбеххкечунна т1аьхьадаьлла орца.
– Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шени къамел царах цхьаммо, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ар-г1овг1а яхьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта иза вог1ийла дац. Дала кечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьа син-дег1ана!
Цара деш долу къамел ша ма-дарра хезаш хилла шен са дадийна веанчунна.
Гобина шена льтташ долчу адамашка собаре хилар а дехна, шен ц1ийнан не1арехьа вирзина, кхайкхина воккха стаг:
– Хьаша, схьагучувала, хьан сина кхерам бац х1окху х1усамехь, х1окху кертахь…
Корта охьа а бахийтина араваьллачу к1анте юха а вистхилла воккха стаг:
– И цхьа г1ортор, и цхьа т1аьхье яра сан, со велча, сан тезет схьаэца йисина, т1аьххьара суна чуьра са д1адолуш сан б1аьрнег1арш д1акъовла виснарг и цхьаъ вара. Йохий ахь сан г1ала, д1аяьккхи ахь син г1ортор, хадий ахь сан орам… Х1инца маьрша ву хьо, цуьнан ч1ир лохуберш юха хьайна т1екхаччалц!
Зиярт чуьра араволуш санна, 1аш волчу воккхачу стагана а, гулделлачу адамашна а шен букъ ца гойтуш, къайлаваьлла кхайкхаза веана хьаша. (300 дош) Д. Сумбулатов.

**Гергара план**
Ловзаргахь хилла бохам.
Лурвоьлларг веллачу к1ентан да волчу кхочу.
Хьаша ларвар – дайн 1адат.
Орца т1аьхьа кхочу.
Ирча кхаъ
Воккхачу стеган къонахалла.

## Талламан диктант №5 «Лаьмнашкахь»

Со тхайн да 1ийначу йуьрта йаханера. Цигахь ч1ог1а хаза дара. Машенийн йа лелхачу герзийн г1овг1а йоцуш, тийна дара йуьртахь. Иштта тийналла суна цкъа а гина йацара.

Со инзаре цецйаькххинера гинчу суьрто. Ирхдахана лекха дитташ. Дехьо йуькъа хьун. Хьалахьажча, чаккхе йоцуш санна, лекха лаьмнаш. Цу т1алгаш йуккъера, кхехкхаш санна, схьадолу шийла шовда. Хьежарх к1орда ца йора цуьнан сийналла. Чуйаьлча а, даржа а ца даьржара шовда. Т1улгаш а, шен басах д1аэдина, ц1андинера цо. И хазалла дешнашца йийцалур йац.

Бердийн басешкахь уьдуш лелара 1ахарий. Царех самукъадаьлла, йехха хьоьжуш 1ийра со. Уьш ч1ог1а хаза ловзура, вовшашна т1аьхьа уьдуш, кортош а бетташ. Суна иштта хаза меттиг цкъа а ца гинера. Бакъду, буьйсанна дукха 1аьржа хуьлура. Лаьмнаш а, хьаннаш а ца гора. Дийнахь сайн самукъадаькххина 1алам дайча санна хеталора суна. (125 дош)

**Грамматически т1едахкарш.**
1. Т1ера схьайазйе цкъа хьалха йукъара-йуьхьан, т1аккха – ц1еран предложенеш.
2. Т1аьххьара предложени синтаксически йуьззина къастайе.
3. Хьалхарчу абзацера латтамаш схьайазбе, церан тайпанаш билгалдаха.

## Талламан диктант №6 «Гуьйренан суьйре»

…Гуьйрено, басешна т1ера баьццара хут оззийна охьа а даькххина, царна можа кортали т1етесира. Амма иза а, де-дийне мел дели, сихха макхлуш дог1ура. Дукха хан йалале, дог1анаш

т1есерса дуьйладелира. Денош сихха шеллуш, мохо раз деттара дерз. Дерзаца наггахь хаалора лайн жоржан буьртигаш а, т1ете1ачу 1аьнан геннара геланчаш а. Мох, цкъацкъа кхин а карзах а болий, буьйсана сахиллалц такхорех каетташ, тхевнаш дегош, уг1ура. Кхин а сингаттаме хетара, вуьшта а сакъерадала к1езиг бахьанаш долчу йуьртахь.

Суьйре таь1но йеънера. Д1абузу малх, йоьзан чара санна горга, анайистехьа охьаоьхура меллаша. Лалийна даш санна йеза, сира лепара д1о генахь 1оман экъа. Цунах д1асаоьху хин тачанаш, кхузара д1ахьаьжча, севцина лаьтташ санна хеталора. Йист йоцу аре йерриге д1атийнера.

/М.Сулаев. «Лаьмнашна ца дицло»/ 120 дош

**Грамматически т1едиллар.**

1. 1-3 предложенешкара грамматически лардаш схьайазъе.
Церан тайпанаш билгалдаха.
2. 2-чу абзацера къастамаш схьайазбе.
Билгалдаккха берта йа бертаза къастам бу.

## Талламан диктант №7 «Оьздангалла»

Оздангалла – иза Далла йечу 1амалца, гонахарчу 1аламца, шен дег1аца, дагца, ойланца стаг ц1ена хилар ду. Оьздангалла х1ора стеган сица, синкхетамца хила йезаш йу. Стеган массо х1ума а хила деза оьзда: ойла а, духар а, г1иллакхаш а. Вай, беша дахча, стом хазаниг, чомана мерзаниг къастабо. Бахкабелларг йа чомана къаьхьаниг д1акхуссу.

Стаг духарца оьзда гича, безам т1ебоьду цунна. Амма иза йа г1иллакхе вацахь, йа амалш вуон йелахь, йа духар оьзда дацахь, церг тоьхча къаьхьа карийна стом санна, безам ца леташ, д1атосу.

Массара а ша-ша волчохь хьарам-хьанал къастош хилахь, вайн ц1е дика йоккхур йу. Вайх х1ораммо а 1алашйан йеза нохчийн г1иллакх-оьздангаллин г1ала шен леларца, вистхиларца, дечу г1уллакхца. Т1аккха иза лаьттар йу, нохчийн оьзда къам мел деха. Вайн къоман ламастех оьздангалла сийлахьчех цхьаъхилар х1оранна кхетамехь хила деза. (125 дош)

**Грамматически т1едиллар.**

1.Текстера цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долу предложени схьайазъе, цуьнан схема х1оттае.
2.Текстера цхьанатайпанчу меженашца йолу хуттургаш схьайазъе, церан тайпанаш билгалдаха.
3.3-чу абзацера цхьанатайпана боцу къастамаш схьайазбе.
4.Х1ара предложени синтаксически талла: Вайх х1ораммо а 1алашйан йеза нохчийн г1иллакх-оьздангаллин г1ала шен леларца, вистхиларца, дечу г1уллакхца.

**9 класс.**

| № | Белхаш | Дакъа. | Универсальни кодификатор |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. «Накъосталлин куьг» | Карладаккхар. | 3.3 хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| **2.** | Изложени «Оьзда к1ант» | Текст | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **3.** | Талламан болх №2. «Дагалецамаш» | Меттан функциональни тайпанаш | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **4.** | Изложени «Вайнехан доьзал» | Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **5.** | Талламан болх №3 (тестировани) | Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **6.** | Талламан болх №4 «Гоцин г1иллакх» | Чолхе-карара предложенеш. | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **7.** | Сочинени «Къонахаллин билгалонаш» | Чолхе-карара предложенеш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **8.** | Талламан болх №5. «Ирча буьйса» | Чолхе-карара предложенеш. | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **9.** | Изложени «Оьзда мотт» | Чолхе-карара предложенеш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **10.** | Талламан болх №6. «Вайнехан доьзал» | Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| **11** | Сочинени «Муха хуьлу дика доттаг1?» | Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. | 1.3 хьалха хIоттийнчу Iалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хIоттийнчу хаттарна тIечIагIдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| **12** | Шеран талламан болх № 7. | Карладаккхар | 2.3 синтаксисан суртхIотторан гIирсийн коьртачу тайпанийн |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |

## Талламан диктант №1 «Накъосталлин куьг»

Нохчийн дикачу г1иллакхех ду эшначохь вовшашна г1о-накъосталла дар. Стеган дахарехь г1о оьшуш меттигаш дукха нисло. Стаг халонехь, балехь висча бен а ца хеташ, цуьнан бала ца кхочуш верг стаг вац йа адам а дац.

Б1ешерашкахь дуьйна схьадог1уш ду вайнехан эшначохь белхи вовшахтохар. Белхи гулбо, асар деш, йалташ чудерзош, ц1енош деш. Белхехь къаьста балхана кадениг, куьйгана говзаниг, хьекъална ираниг, г1иллакхна оьзданиг. Хьоьгара накъосталла оьшуш меттиг нисъеллехь, бен доцуш т1ехвала мегар дац. Нехан дикане цахьийзинарг шен вуонехь ша вуьсур ву.

Хьошалла, доттаг1алла, вовшийн г1о-накъосталла дар цхьа з1е йолуш ду. И дика г1иллакхаш вайца мел ду, дахарехь стаг ша висарна кхерам бац.

(УциевА.У., 96 дош)

**Грамматически т1едиллар.**

1. ***Нехан дикане цахьийзинарг шен вуонехь ша вуьсур ву.*** – синтаксически таллам бе.
2. Текстера деепричастни карчамаш билгалбаха.
3. 1-чу обзацера цхьанатайпана меженашна буха сиз хьакха.

## Изложени (ПКЭ-н кепехь) «Оьзда к1ант»

Гонахара дерриг Iалам а шен дуьхьа кхолладелла хеташ вара исс шо кхаьчна Iела.

Iаламца йолчу марзоно хьоьстуш, ловзарна сов тIера вара иза. Цундела хийла гора иза хин бердан йистошца уьдуш, ловзуш, хьаннашкахь кхерсташ, олхазарийн эшаршка ладоьгIуш, церан дахаран ойла еш, тидаме вуьйлуш. Цу Iаламца санна, чIогIа йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а.

Бакъду, ловзарна мел тIера велахь а, шен ненера пурба доцуш, цхьана а метте ца воьдура кIант. Ков-кертахь гIуллакх деш, нанна гIо дора цо. УьйтIе а цIанйора, синтаршна хи а тухура, шел жимачу йишин Зулайн терго а йора. Иштта гIуллакхаш дешшехь, урокаш йан а кхуьура Iела.

Аьхкенан каникулашкахь колхозан уьстагIий лелош волчу шен деца Рашидаца же оьхура иза. Ша тидам болуш а, болх безаш а хиларе терра, уьстагIаш Iалашдаран а, уьш дажоран а говзалла дика караерзийнера Iелас.

(131 дош)

(Берсанов Х.-А.)

**Хаттарш:**

1. Исс шо кхаьчна Iела муха ойла йолуш вара?
2. Муха йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а?
3. Хьенан пурба доцуш цхьана а метте ца воьдура кIант?
4. Стенна тIехь гIо дора нанна цо?
5. ХIун говзалла караерзийнера Iелас?

## Талламан диктант №2 «Дагалецамаш»

Бешахь болх бина а ваьлла, цIехьа вогIура Тавсолта. Гонахарчу Iаламе кест-кеста бIаьрг тухура цо. Цунна езара ша вина юрт а, шайн дахаран теш хилла лаьтта лаьмнаш а.

Чувахале, ЦIен-Бердехьа вахара иза; схьахезира масачу Яссин гIовгIа. Гучуйелира маьI-маьIера бацо сенйина лекхачу бердан цIен тарх. Бердан йистте дIахIоьттира Тавсолта. ТулгIеша аьгна хин йист лахара кегийра чукерчара, амма берд тешаме бара. Кхузахь дIайаханера Тавсолтин йерриге жималла. ХIетахь, дукха зама хьалха, бердах киртигаш йохуш баькккхинчу новкъа хитIа йогIура къона Нурбика. Ма товш хуьлура и, гуьлмаьнда а тиллина, кIудал а белша тIехь хийистехь лаьтташ, цIечу пошмакхан буьхьиг байн лаьттах а хьоькхуш!

ХIетахь Нурбика йолчу миччара а сиха кхочура Тавсолта, наггахь бен тIедухуш доцчу исхарин чоица, кIайчу бустамашца, шен борачу динахь, детица кхелина шедан кхаж буйна а къуьйлуш...

Кхузахь самабуьйлучу дагалецамаша дIа мел даханарш, цхьаъ вукхунна тIаьхxьe, йуха карладохура Тавсолтина. (135 дош) (Сулаев М.А.)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. Буьззина синтаксически таллам бе предложенина:

*Ма товш хуьлура и, гуьлмаьнда а тиллина, кIудал а белша тIехь хийистехь лаьтташ, цIечу пошмакхан буьхьиг байн лаьттах а хьоькхуш!*

2. Текста т1ера схьайазйе чолхе-карара предложени схьалаха, билгалйаха грамматически лардаш.

## Изложени (ПКЭ-н кепехь) «Вайнехан доьзал»

Халкъан уггаре доккха хьал – иза хIора доьзал сица а, дегIаца а могаш хилар ду. Нагахь доьзал чIогIа хилахь, къам а хир ду чIогIа. Иза, дийца а ца оьшуш, бакъдерг ду.

Нохчийн къам мел йаккхий халонаш тIехIиттарх, царах чекхдуьйлуш, хIаллак ца хуьлуш, схьадар дукха хьолахь доьзна дара вайнехан доьзалан чIогIаллех. Хьалха заманахь дуьненчу даьлла бер доккха а хилла, нахана юккъе даллалц, цIахь шен дециий, ненаций, вежаршций, йижаршций хьалакхуьура. Цара луш хилла цунна дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам. Цундела доьзалехь йоккху хан коьрта йара стеган кхиарехь.

Вайнехан доьзал шатайпана дуьне ду, шен гIиллакхаш а, ламасташ а долуш. Оцу дуьненахь уггаре воккха хьаькам Да ву. Да доьзалхошна масал хила хьакъ ву массо хIуман тIехь. Дуьнен чуьра дIаваллалц цуьнан а, дIаваьлча цуьнан цIеран а сий-ларам бар тIехь ду берашна. Бераш кхетош-кхиор, коьрта долчунна, ненан гIуллакх хилла хьалха заманахь. Ткъа дас оцу гIуллакхехь дакъалоцуш хилла ненехула. Ишттачу доьзалшкахь иман а, беркат а лаьттина. Цара шайн къоман юьхь а, сий а лардина.

(157 дош)

(Ахмадов М.М.)

**Хаттарш:**

1. Халкъан уггаре доккха хьал хIун ду?
2. Нохчийн къам шена тIех1иттинчу халонех чекхдалар стенах доьзна дара?
3. Хьалха заманахь берана дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам хьан луш хилла?
4. Вайнехан доьзалехь бераш кхетош-кхиош мила хилла?
5. ХIун лаьттина ишттачу доьзалшкахь, цара хIун лардина?

## Талламан болх №3 (тестировани)

**1. Синтаксисо 1амадо:**

1) элпаш, аьзнаш;

2) дешнаш, дешнийн кхолладалар;

3) дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш;

4) къамелан дакъош.

**2. Предложени олу:**

1) д1айаздинчу дешнех;

2) кхочушхилла ойла а гойтуш, вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхеттачу дешнех йа оццу маь1нехьдолчу цхьана дашах;

3) йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;

4) дешнийн цхьаьнакхетарех.

**3. Чолхе предложени олу:**

1) шиннах йа цул сов цхьалхечу предложенех лаьттачух;

2) шена чохь масех сказуеми долчу предложених;

3) шена чохь масех подлежащи долчу предложених;

4) цхьаннах йа цул сов цхьалхечу предложенех лаьттачух.

**4. Чолхе предложени билгалйаккха.**

1) Иштта х1ара шена деза 1илма лоьхуш лелашшехь, дешарна билгалдаькккхина долу пхи шо сиха чекхделира.

2) Нехан шуьнехь къонах а верстар вац, нехан хьаьвди т1ехь дин а берстар бац.

3) Шен дагахь ерриге а месаш къайлайаьхна, д1атиллина дара цуьнан йовлакх.

4) Сан ирс ца дохо 1аш ву-кх хьо, Дада, х1окху нехан хlиллана т1е а тайна.

**5. Чолхе предложенеш хуьлу:**

1) чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара, хуттургаш йоцу чолхе;

2) чолхе-карара,хуттургаш йоцу чолхе, чолхе-дозаран;

3) чолхе-кхаах1оттаман, чолхе-шинах1оттаман, хуттургаш йоцу чолхе;

4) чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-шинах1оттаман, хуттургаш йоцу чолхе.

**6. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени олу:**

1) кхетаран меженаш шена чохь йолчу предложених;

2) цхьатерра бакъо йолчушина йа масех цхьалхечух лаьттачух;

3) коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух;

4) шена чохь грамматически лард йолчух.

**7. Цхьаьнакхетаран хуттургаш хуьлу:**

1) бахьанин, бехкаман, дустаран;

2) кхачаман, къастаман, латтаман;

3) дозаран, дуьхьалара, къасторан;

4) меттиган, хенан, даран суьртан.

**8. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени билгалъйаккха.**

1) Сан гергара нах бисина хир бац, ткъа кху хьуьнхахь суна массо а х1ума гергара ду.

2) Х1инца-м вийна велира и миска бохуш, хьоьжуш лаьтташ юьртахой а хилла.

3) Куьйра оьг1аз ца воьдура, цуьнан оцу дешнаша, мелхо а, самукъадоккхура.

4) Адама шега деллачу хаттаршна жоп ца луш, дуккха а лаьттира и къена нах.

**9. *Со х1инца дуьйна маьрша ву, амма сан ваха меттиг йац.***

Х1окху предложенера хуттурган тайпа ду:

1) дозаран;
2) дуьхьалара;
3) къасторан;
4) довзийтаран.

**10. Дозаран хуттургаца йолу чолхе-цхьаьнакхетта предложени билгалъйаккха.**

1) Маьрк1ажа хан йара, амма йоккха стаг сиха йацара бешара чуйаха.

2) Суна а лаьара шуьца ван, делахь а сан цкъачунна аьтто хир бац.

3) Арсбина серло алсамо хилийтархьама, дуьхьал оьллина шаршу а д1айаьккхира оха.

4) Сарахь тхо юьрта а дахара, бабас тхуна хаза туьйранаш а дийцира.

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
| 3 | 2 | 1 | 2 | 1 | 2 | 3 | 1 | 2 | 4 | | 9-10 | 7-8 | 5-6 | 0-4 |

## Талламан диктант №4 «Гоцин гIиллакх»

Тхан куьпахь вовшахкхетий, даима ловзуш хуьлура бераш. Цхьацца дуьйцуш, наггахь къийсамаш хуьлура церан.

Бакъверг а, харцверг а къастош, Гоцис аьллачун тӀехь къийсам чекхболура. Бераш тешара цо аьллачух, хӀунда аьлча массарна а иза билгалваьллера бакълуьйш хиларца.

Цкъа цхьана дийнахь ловзуш долу бераш чехош вара лулара воккха стаг ИбрахӀим, цара шен куьзганан бӀаьрг бохийна бохуш. Амма муьлхачо бохийна, ца хаьара цунна.

– Аса бохийра и, ца хууш буьрка а кхетта, – даре дира Гоцис.

– Ахьа бохийнехь, хӀумма а дац. Хьо-м харцхьара вацара. Хьайна хууш дийр дац ахьа и санна дерг, – аьлла, дӀавахара воккха стаг.

Бераш цец а девлла лаьттара, цо и бехк шена тӀелацарх тамаш беш.

Куьзганан бӀаьрг, бераш ловзуш ца хууш буьрка а кхетта, боьхнера. Гоцис даре ца динехь, цхьанна а хуур дацара, и бохийнарг мила ву. Шен карах и ма-хилли, сиха вахана, воккхахволчу веше шен бала балхийра Гоцис.

(136 дош)

(Х.-А.А.Берсанов)

**Грамматически т1едахкарш.**

1.Текстера чолхе-карара предложенеш схьалаха. Церан грамматически лардаш схьайазйе.

2.ТӀетухучу предложенийн тайпанаш билгалдаха.

## Сочинени 1 (ПКЭ-н кепехь) «Къонахаллин билгалонаш»

(1)ГӀизлара ваха ваханчу Багратиони Иванан кӀант, Петр шайх летар ла ца даллал халахеташ нохчий хилар дерриг бохург санна, дойура цу къоначу эпсаран къонахаллой, цуьнан майраллой, тӀамна хьуьнаре хиларой. (2)Ламанхоша даим а Ӏаламат чӀогӀа сий дора майраллин, иза хьаьнггахь елахь а, доттагӀий, мостагӀий ца къестош.

(3)Нохчий тамаша бина ца бовлура оцу стеган нийсаллех. (4)Бакъду, Багратиони ванне а реза вацара, эрна адамаш дойуш, тӀом барна. (5)Цо мостагӀа вен ца хьовзавора, и эшо кхин некъ карабойла шена елахь. (6)ЙА тӀамехь адам дер цуьрриг къонахалла а ца лорура цо, верна а кхеравелла, озалуш Ӏедал шен цкъа а доццушехь...

(7)Турмал чухула дӀахьаьжначу полковникна, шаьш ма-барра къаьсташ, кхекхийн куйнаш теxкина божарийн тоба гира. (8)Цхьана гӀуллакхан-м барт беш болу куц дара уьш. (9)Церан лер ца хезара, амма хьийзочу куьйгийн леларехь, карзахбевлла хеталора уьш. (10)Юха оцу тобанах кхоъ схьахедира…

(11)Полковника чӀогӀа тамаша беш тергалдора и дерриг, амма холчохь вара иза, цигахь хирг хӀун ду ца хууш. (12)Кхин а ши стаг схьахедира оцу нохчийн тобанах. (13)Хьала айира хӀинццалц гуш ца хилла барам. (14)Полковникна гира оцу бараман юьхьигаш адамаша шайн белшаш тӀе йохкуш. (15)ТӀехьа лаьттачо коьртара схьабаькххина шен куй белша тӀе биллира, и лаза ца йайта.

(16)Ткъара бен валаза Багратиони Пьерин отта (адъютант) вара оцу тӀелатарехь. (17)Цул хьалха динчу шина тӀелатарехь а дакъалаьцнера цо.

(18)Полковника Тамара, турмал охьа а йахийтина, шен отте салташка цу богӀучу нохчашна топ кхосса мегар доцийла хаийта аьлла, буьйр дира.

(19)Петр Багратиони бер долуш ГӀизларехь дуьйна вевзинарш бара нохчашлахь. (20)ТӀемашкахь и гойла хилларш бара. (21)Цуьнан тамашена юьхь-сибатан безамехь аматаш, битамаш цкъа а биц ца бала дагахь бисинарш а хилира кхузахь. (22)Нохчий цецбевлла ца Ӏара оцу къоначу бӀаьхочун къонахаллех, нийсо цунна езарх. (23)Ткъа хӀокху йоккхачу минотехь, цуьнан къонахчун амалш лерина, дика дан лиира нохчашна чӀогӀа.

(24)Багратиони цара кхузахь сихонца бинчу барам тIехь вадийна шайн лоьра тIе кхачийра…

(25)ТIаккха айина ваьхьна, Соьлжа-хих а ваьккхина, оьрсийн туьпе охьавиллира цара и чIогIа чевнаш хилла эпсар.

(26)Нохчаша мискъалан зарратал бIо ца къажийра майрачу, къонахалла йолчу стеган дуьхьа шаьш дан догIучунна...

(27)Нохчий, оьрсийн полковникан Iодика еш, юха а бирзина, буьйлабелла шайн новкъа бевлира.

(28)Тамара шен отте цхьаъ-м элира. (29)Отта, хьаьдда нохчашна тIаьхьа а вахана, церан маттахь вистхилира цаьрга:

– (30) Аша хIун до, нохчий? (31)Ахча ца деза шуна? (32)Аша веанчу Багратионих и шортта лур ма ду!

(33)Лекхачу нохчочо, тамехь корта хьала а тосуш, шечарах бIаьрг тоьхна, юха отте хьаьжна, элира:

– (34) ХIан-хIа. (35)Къонахаша къонахий бухкуш ца <u>хуьлу!</u>

(Л.Ш. Авалианин текстан буха тIехь)

**Т1едиллар.**

Муха кхета хьо **КЪОНАХАЛЛА** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазъе **«Къонахаллин билгалонаш»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къонахаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе ешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина юьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазъе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Къонахалла – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан авторна (авторан цIе) къаьсттина вайна гайта лиънарг ду ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIъйан лаьа ...
4. Цу тIера цхьа жамI дан таро ю ...
**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

**Талламан болх №5 «Ирча буьйса»**

Иза дара гурахь. Базар д1айуьйхира. Шен хьешан, г1алаг1азкхичун, куьг лоцуш, 1одика а йина, итт-цхьайтта шо кхаьчна хир долуш волу шен к1ант йуххе а хаийна, говра-ворданахь, ц1а ван новкъавелира Расу. Шегара ледарло ша х1унда йалийтинера, Расуна шена а ца хаьара.(ЧКП-кхачаман)

Суьйре т1етаь1нера. Чубуза ц1ийбеллачу маьлхан з1енарша кхелина 1аьржачу мархийн йисташ, д1адийнчу аьчган басахь лепара. Цхьа байн хьекха болабелла мох т1аьхь-т1ьаьхьа ч1аг1луш лаьттара.

Дерриг а 1алам меттахделира, чехка йог1ура буьрса 1аьржа мархаш. (ЧЦП) Татанца лелхаш, борз санна уг1уш, шакарца ц1ийзаш, буьрса «дур» дара геннара дог1уш.

Ц1еххьана, стигалара ластийна охьахаьхкича санна, оьг1азе тулг1ешца а бокххуш, дег1аца д1ахьулвира Расус шен к1ант.

Нуьцкъачу дорцан ткъевнаца к1ур хьийзош, садоккхийла йайна, холчохь висира и щиъ. Некъ гуш бацара. Расу некъах тилира. Цхьа а ларб1ар йоцчу, воьду аг1у билгалйоцчу цу некъан хьесап дан ницкъ боцуш корта хьаьвзнера цуьнан.
(141 дош)

**Грамматически т1едахкарш:**

1.ЧКП схьалаха, билгалйаха т1етуху предложени.
2. ТIетухучу предложенийн тайпанаш билгалдаха.
3.Схьайазйе чолхе –цхьаьнакхетта предложени, грамматически лардаш билгалйаха.

## Изложени «Оьзда мотт»

Дайн орамашкара дуьйна схьадог1уш цхьа г1иллакх ду нохчийн – стаг верг а, стаг воцург а шен дашца къастош. Цигара схьадаьлла ду «Хьайн багах схьадалазчу дешан эла ву хьо, багах схьадаьллачу дешан лай ву хьо» боху кица. Нахалахь айхьа мел аьллачу дашах жоьпалла ву бохург ду и.

Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар я багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларъяр. Ткъа и мотт харц а, шалхонца а лебар, адамна бала хин болчу кепара бийцар даккхийчу къинойх, зуламечу лазарех ду.

Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна 1ама веза, баккхийчаьрга ла а дуг1уш, цаьргара масал а оьцуш. Хала делахь а, иза дахарехь ца хилча йиш йоцу уггаре а коьртаниг ду. Оьзда мотт адамийн юкъаметтиган дакъа хилла ца 1а, иза вайх х1ораннан сица, кхетамца хила дог1у жовх1ар ду. Цо г1о до оьзда боцчу нехан лаамна к1ел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь ц1ена чекхвала а. (150 дош, Уциев А.Х.)

**ПКЭ-н кепехь «Муха хуьлу дика доттагI?»**

Т1едиллар.

Муха кхета хьо **ДОТТАГIАЛЛА** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазъе **«Муха хуьлу дика доттагI?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **ДоттагIаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе ешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинении ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина юьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазъе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ДоттагIалла – иза ... Сан кхетамехь, ...

2.Текстан авторна хетарехь, ...

3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...

4. Цу тIера схьа жамI дан таро ю ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

## Талламан диктант №6 «Вайнехан доьзал»

Халкъан уггаре доккха хьал – иза хIора доьзал сица а, дегIаца а могаш хилар ду. Нагахь санна доьзал чIогIа хилахь, къам а хир ду чIогIа. Иза, дийца а ца оьшуш, бакъдерг ду.

Нохчийн къам мел йаккхий халонаш тIехIиттарх, царах чекхдуьйлуш, хIаллак ца хуьлуш, схьадар дукха хьолахь доьзна дара вайнехан доьзалан чIогIаллех. Хьалха заманахь дуьненчу даьлла бер доккха а хилла, нахана йуккъе даллалц, цIахь шен деций, ненаций, вежаршций, йижаршций хьалакхуьура. Цара луш хилла цунна дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам. Цундела доьзалехь йоккху хан коьрта йара стеган кхиарехь.

Вайнехан доьзал шатайпана дуьне ду, шен гIиллакхаш а, ламасташ а долуш. Оцу дуьненахь уггаре воккха хьаькам Да ву, х1унда аьлча Да доьзалхошна масал хила хьакъ ву массо хIуман тIехь. Дуьнен чуьра дIаваллалц цуьнан а, дIаваьлча цуьнан цIеран а сий-ларам бар тIехь ду берашна. Бераш кхетош-кхиор, коьрта долчунна, ненан гIуллакх хилла хьалха заманахь. Ткъа дас оцу гIуллакхехь дакъалоцуш хилла ненехула. Ишттачу доьзалшкахь иман а, беркат а лаьттина. Цара шайн къоман йуьхь а, сий а лардина.

(157 дош)

(Ахмадов М.М.)

**Грамматически т1едахкарш:**

1.ЧКП схьалаха, билгалйаха т1етуху предложени.

2. ТIетухучу предложенийн тайпанаш билгалдаха.

## Талламан диктант №7 «Бабин т1орказ»

Цхьана хазачу б1аьстенан дийнахь Шовда денана йолчу йаханера, жимма цуьнца марзо эца. Бабина ч1ог1а дукхайезара иза, ша йолчу йеъча цунна там бан а г1ертара йоккха стаг. Нанас йо1е ц1ахь, йохайарна кхоьруш, пхьег1аш ца йуьлуьйтура. Ткъа бабина Шовдас чу нуй, горгам хьоккхура, пхьег1аш йуьлура, уьйт1е а ц1анйора. Т1аккха цо динчу г1уллакхашна бекхамна санна, бабас, сихха нохчийн пешан ц1ергахь сискал а йоттий, цуьнца йетшура молуьйтура йо1е.

Жимма луьйш-олуш 1ийначул т1аьхьа, Шовдина уггар мерза хета къайле гучуйоккхура йоккхачу стага. Шен даг т1е гилгаш дохуш санна хетара йо1ана, бабас шен куьйган керайукъахь масех шекаран б1елиг кховдийча. Ткъа наггахь г1ожан буьххьехь долу ц1азамаш а, б1араш а лора.

Шовдина даима а хазахетара бабин т1орказ, х1унда аьлча цу т1ехь цхьа хазачу басаршца дехкина зезагаш дара, т1етесна шурула-к1айн тир йаьккхина кечдина к1адин киса а дара. Йо1ана моьттура, бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу. Шен бераллин хьекъале хьаьжжина, цу чуьра и къайле льатташ йу мотталора, цу чохь долчу дуккха а б1елигех, кампетех, кхийолчу бес-бесарчу х1уманех.(156 дош)

(Дашаева Ш.Х.)

**Грамматически т1едахкарш:**

1.ЧКП схьалаха, билгалйаха т1етуху предложени.

2. ТIетухучу предложенийн тайпанаш билгалдаха.

3.Схьайазйе х1ттургаш йоцу предложени.